



Pou Piblikasyon Imedya: 12/8/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REKONSTRIKSYON WOUT ETA 17, SÒTI 122 KONPLÈ**

*Pwojè \$75 Milyon pou amelyore mobilite ak sekirite nan Wallkill, Konte Orange*

Gouvènè Eta New York Andrew M. Cuomo jodia te anonse achèvmman yon pwojè \$75 milyon ki te rekonstwi sòti 122 sou Wout 17 Eta New York nan Vil Wallkill, Konte Orange. Pwojè a fè pati nan amelyorasyon ankou ki te fèt sou wout 17 pou reponn a standa entè-eta federal epi re-konsevwa wout la kòm yon pati nan Entè-eta 86.

“Lè yo fè investisman enpòtan nan enfrastrikti transpòtasyon New York, nap pwoteje plizyè milyon chofè ak pasaje epi devlope kominote ki pi solid,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo wout ki fenk fini an ap redwi konjesyon, amelyore sikilasyon trafik sou wout koridò 17 pwoteje ak ansekirite pou ane kap vini yo.”

“Pwojè sa amelyore mobilite toupatou nan rejyon an, sipòte devlopman ekonomik epi bay aksè ki pi ansekirite nan kominote lokal, enkli Sant Medikal Rejyonal Orange, yon etablisman swen sante nan konte a,” **te deklare Komisyonè Depatman Transpòtasyon Eta New York (NYSDOT) Matthew J. Driscoll.** “Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo NYSDOT ap kontinye bay pwojè ki gen menm rezilta toupatou nan eta.”

Rekonstriksyon sòti 122 te enkli nan rekonsepsyon sòti a ak apwòch antre a nan Wout 17 ak reyaliman Lès nan Main Street ak Crystal Run Road nan Wallkill. Amelyorasyon sa yo te adrese sekirite enpòtan ak defisyans operasyonèl nan fason pou reponn a obligasyon nasyonal pou renove Wout 17 a estanda entè-eta. Travay la gen ladan konstriksyon yon nouvo pon sou Main Street; enstale yon tinèl an beton pou deplase sikilasyon nan Entè-eta 84 nan direksyon lès wout 17 epi pote trafik nan direksyon lès wout 17 nan wout lokal yo; reyabilite pon an ki pote wout 17 sou entè-eta 84; epi enstale nouvo siyal trafik ak limyè lari a pou kantite tan pwojè a. Yo te kreye yon estimasyon 994 djòb ki gen rapò a rekonstriksyon sou wout 17 la.

Karakteristik adisyonèl Pwojè a te enkli kreyasyon yon aksè wout ak zòn parking pou lansman kannòt nan rivyè Wallkill, ansanm avèk nouvo espas park 107-ki te fenk konstwi ak espas bis, sa ki pral sipòte aksè a sèvis otobis epi bay plizyè milye pasaje

nan Konte Orange avèk opòtinite ko-vvati.

Kontraktè ki gen lisans pou pwojè a se te A. Servidone/B. Anthony Construction, Joint Venture of Castleton, NY. Travay la te kòmanse nan novanm 2012. Ti travay finisyon rete e li prevwa pou l fini nan fen ane a.

**Depite Sean Patrick Maloney te deklare,** “Se pou pwojè tankou sa ke mwen ap lite pou investisman New York nan Pwojè Lwa Otowout la ak yon egzanp terifik sou sa ki rive lè moun yo nan nivo lokal, eta ak federal travay ansanm pou jwenn rezilta nan katye nou yo. Sa a enpòtan pou ekonomi kwasans Konte Orange, ak yon etap enpòtan nan travay nou pou modènize Wout 17 jiska I-86.”

**Senatè John Bonacic te deklare,** “Mwen kontan paske mwen te jwe yon wòl enpòtan nan obsève pwojè \$75 milyon sa vini nan reyalite. Rekonstriksyon Sòti 122 sou Wout 17 ap amelyore sekirite otomobilis yo, epi rann li pi fasil pou konsomatè yo gen aksè a biznis lokal yo nan Vil Wallkill. Mwen remèsye Eta paske li te fè pwojè sa vini yon priyòrite, e map trete tann pou m wè benefis li yo.”

**Manm Asanble Aileen Gunther te deklare,** “Sa a se yon fen byenveni nan yon pwojè long ak istorik. Otomobilis yo kounye a ka genyen yon sòti ki pi pwoteje ak ansekirite avèk aksè ki pi pratik pou swen sante, biznis lokal ak andetay. Mwen te fyè paske mwen te sipòte pwojè sa depi nan kreyasyon l, e mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman l nan pwojè transpòtasyon enpòtan tankou Sòti 122.”

**Egzekitif Konte Orange Steven M. Neuhaus te deklare,** “Travay sa enpòtan paske sòti 122 nan wout 17 reprezante yon koridò ki enpòtan anpil pou komès nan kè Konte Orange. Li pral redwi tou konjesyon pou pasaje yo. Tan achèvmman pwojè sa pratik avèk sezon fèt la.”

**Sipèvizè Vil Wallkill Dan Depew te deklare,** “Sa a se te yon lòt ane pwogrè isit la nan Vil Wallkill, mwen kontan pou m travay avèk eta ak konte a pou fè sa remakab, amelyorasyon ki te nesèsè nan enfrastrikti ke nou tout depann sou li a.”

Pou jwenn enfòmasyon ajou sou vwayaj, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org), oswa nouvo sit mobil nou an nan [m.511ny.org](http://m.511ny.org). Swiv New York State DOT nan Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT). Jwenn nou nan Facebook nan [facebook.com/NYS DOT](https://facebook.com/NYS DOT).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418